***1-bólim: Hárbir tapsırma 0,9 balldan bahalanadı***

**1.** Gúljamal apa aqlıqlarınan únsiz dawıssızdan baslanatuǵın naqıl-maqallardan bir mısal keltiriwin soradı. Aqlıqları tómendegishe juwaplar ayttı:
Elmurat: Basshısız úy– bassız gewde. Amanlıq: Miynet túbi – ráhát.
Begzada: Kópke juwırǵan, azdan bos qalar. Nurgúl: Jigit elinde, gúl jerinde jaqsı.
Qaysı aqlıǵı qoyılǵan shártke tuwrı keletuǵın mısal tapqan?
A) Amanlıq B) Begzada
C) Elmurat D) Nurgúl

**2.** I.Yusupovtıń "Poshsha torgáygá" qosıǵında lirikalıq qaharman qusqa múrájat etiw arqalı qanday sezimlerin kórkem bayan etedi?
A) Qayır-saqawatlı bolıw
B) Tuwılǵan jer ıshqısı
C) Qızgá bolgán muhabbat
D) Qosıqshılardı maqtaw

**3.** Tómendegi dialogta túsirilgen irkilis belgilerin izbe-iz durıs anıqlań.
Súyinshi Tolǵanay apa! Jorabek atamnıń kelini bosandı.
– Qoy-á Qashan bosandı?
A) (–) (–) (.) B) (,) (–)(!)
C) (–) (-) (!) D) (–)(,)(.)

**4.** Boljaw, shamalaw, gúman etiw mánilerin bildiretuǵın modal sóz qaysı gápte qollanılǵan?
A) Onı jolda ushıratpaǵan, bálkim, jáne aylanıp kiyatır.
B) Jaqsı, men de tústen keyin sizlerge kómeklesemen.
C) Haqıyqattan da, bul is bizge qıyınshılıq tuwdırdı.
D) Demek, sizlerge hámmesi túsinikli boldı, balalar?!

**5.** Úylesiw usılında baylanısqan sóz dizbegin anıqlań.
A) biz almaqshımız B) mektep baǵı
C) mennen de uzın D) shubatılǵan oylar

**6.** Bálki, házir iske aspas muradım,
Ólgennen soń elde jańlaydı atım!
Qaysı danıshpan haqqında aytılǵan?
A) Saadiy Sheraziy B) Omar Hayyam
C) Ferdawsiy D) Yusup Has Hajib

**7.** Tómendegi qatarlarda qaysı qaharman haqqında aytılǵan?
Jılqı semiz bolǵanda, Asırandı ulıńız,
Jılqı arıq bolǵanda, Satıp alǵan qulıńız.
A) Edige B) Qoblan
C) Máspatsha D) Sháryar

**8.** Bul jerde Sokrat,Aplatun hám Aristoteldiń filosofiyalıq kitapları,áyyemgi grek alımı Fipagordıń hikmetleri,astronomiya iliminen Ulıǵbek kitapları, Ferdawsiy hám Genjáwiydiń qosıqları-hárqaysısı óz aldına sabaq boladı.Bular ilimniń rawajlanıwında tásir etip,puqaranıń jańadan-jańa ǵáziynesin asha bersin. Aybektiń "Nawayı " romanınan alıngan úzindi kim tárepinen aytılǵan?

A) Xusayn Bayqara B) Nawayı

C) Dárwisháliy D) Xoja Afzal

**9.** T.Qabulovtıń «Ózbekstansań» qosıǵına nama jazǵan kompozitor kim ekenin tabıń.

A) Ǵ.Amanyazov B) N.Muwsaev

C) N.Muxammedinov D) Q.Xilalov

**10.** B.Genjemuratovtıń «Az xalqımnıń jarasıǵı jolbarıstay jigitler»dep xalqımızdıń márt ulların maqtanısh penen jırlaǵan qosıǵın tabıń.

A) «Oq qadalǵan ay»

B) «Elimnen»

C)«Elim dep eńiremeseń»

D) «Qılısh haqqında sóz»

***<u>2-bólim: Hárbir tapsırma 1,5 balldan bahalanadı</u>***

**11.** Edildiń qara suwları,
Kópir salmay say bolmas,
**<u>Qara nar</u>** kelmey xalqına,
Qaralı kewlim jay bolmas, – degen qatarlarında astı sızılǵan sóz arqalı ne názerde tutılǵan?

A) Shóllerde adasıp júrgen batır.

B) Óziniń tuwra mánisinde qollanılǵan.

C) Báhár máwsiminiń keliwi

D) Eldiń ádalatlı xanı.

**12.** Berdaq "Qashan ráhátlanadursań" qosıǵınan alıngan qatarlargá shayır qanday máni júklegen?

Ózińnen páske júz salma,
Namáhremlerge kóz salma.
Kisi yarına sóz salma,
Óz yarıńnan qaladursań.

A) Táriyip B) Didaktikalıq

C) Allegoriyalıq D) Yumorlıq

**13.** Jekennen toqılǵan balıq salatuǵın ıdıs mánisin bildiretuǵın sóz qaysı gápte qollanılǵan?

A) Eskide uslap tutılǵan máki ele óziniń sının buzbay muzey eksponatı bolıp tur.

B) Ayperiniń ergenek janında turǵan mardanǵa kózi tústi de adımın jıldamlattı.

C) Ol jılları aw, nárete Sereniń qasınan qalmaytuǵın wájleri edi.

D) Japtıń jaǵasında qalǵan jórgem Árepbaydıń usı átirapta ekenligin ańlattı.

**14.** Tómendegi mısalda ataw sepligindegi almasıq qaysı sóz shaqabı ornına qollanılǵan?
Turmısımız taza bolǵan sán endi,
Kiyimler de kóshken jańasha túrge...
Aytsam sen tuwralı esitkenimdi,
Babalardıń bas kiyimi shógirme.

A) Ráwish
B) Sanlıq
C) Atlıq
D) Kelbetlik

**15.**Úylesiwshi anıqlawıshı atlıqlasqan kelbetlikten bolǵan qaysı mısalda seske eliklewish qollanılǵan?

A) Jaqsınıń úyine adam kóp keledi, –dedi kelini taq-taq etip.
B) Awzındaǵı suwlıǵın shaynap gúldir-gúldir kisnegen atlar bir jerde turmaydı.
C) Asxanadaǵı qırǵıshtı kórgende bul kárada jatqanına seziklenip ishi ǵım etti.
D) Bul qorqaqtıń zımp etip qashıp ketkenin aytpaysań ba, uyatsız.

**16.** Hár birewdiń ayı, jılı sanawlı,
**<u>Birim-birim qoparılar gerbishiń</u>**. Astı sızılǵan qatarda qanday kórkemlew quralı qollanılǵan?

A) Metafora
B) Epitet
C) Metonimiya
D) Sinexdoxa

**17.** Aytılıwında keyingi dawıslı sestiń aldıngı dawıssız seske tásir etiwi qaysı gáptegi sózler aralıǵında ushırasadı?
A) Shaǵırayısıp turǵan aq altın kózdiń jawın aladı.
B) Baqshadaǵı gúllerdiń jaǵımlı iyisi murnıńdı jaradı.
C) Izinde qosshısı joq námálim kisi awılǵa qaray kiyatır.
D) Jumabay azan menen aw-qayıq tayarlawǵa kiristi.

**18.** Birikken qospa atlıq qatnasqan gápte waqıt ráwishiniń qollanılǵanlıǵın anıqlań.
A) Maman biyge dárriw aytıń, házir bolıp tursın, birazdan jolǵa shıǵamız, jigitler.
B) Atqulaqtay jasıl ósimlikler de bar eken bunda, burın hesh kórmegenmen.
C) Ájem gúmisten islengen bilezigin taslamastan udayı taǵıp júretuǵın edi
D) Kitapxanadan keshe úkeme arnap alǵan kitaplarım júdá qızıqlı edi

**19.** "Sháryar" dástanınan alıngan shuwmaqtı oqıń. Bul jaǵday tiykarınan neniń nátiyjesi?
Qayırqom bolıp sum mama,
Basın súyep turadı.
Sol máhálde Gúlshara,
Óz qáddine keledi.

Kózin ashıp qarasa,
Eki birdey sıńsıǵan,
Bálelerdi kóredi.

A) kúnshillik B) paraxorlıq
C) óshpenlilik D) haqıyqatlıq

**20.** Rabǵuziy tárepinen dóretilgen qaysı obrazǵa "Kózi toymaǵannıń ózi toymas" degen sıpatlamanı bergen durıs boladı?

A) Nux B) Shamit
C) Muwsa D) Qarınbay

***3-bólim: Hárbir tapsırma 2,6 balldan bahalanadı***

**21.** Kóp noqattıń ornına juwan, eziwlik, qısıq dawıslı sestiń talabına birdey juwap beretuǵın hárip qoyılatuǵın sózlerdi belgileń. 1) z…yankes 2) …ylanba 3)…njıq 4)…ltaraq 5) … lketanıw 6)…wqat, 7) p..yaz 8)…japa.

A) 1,3 B) 7,8
C) 2,6 D) 4,5

**22.** Sın ráwishi qatnasqan qaysı gápte feyil mánili turaqlı sóz dizbegi qollanılǵan?

A) Onıń bul sózlerine mına hayallar da birden qulaq sala qoymadı.
B) Saǵınısh mawqın basıw ushın tum-tusına súysinip kóz tikti.
C) Ol Franciyaǵa kóp barǵan bolsa da, bul qala haqqında lám-lim demedi.
D) Ot bası aytılatuǵın kúndegi sózler ádettegishe dawam etti.

**23.** Iyelik sepligindegi atlıqlasqan kelbetlik qatnasqan qaysı mısalda modal sóz qollanılǵan?

A) Aqırı, baqıldıń baǵı kógermes, kógerse de miywe bermes degen,balam.
B) Ádira qalsın, ele bul aqmaqtıń ózi-aq hámmesin túsinip jetedi.
C) Írastan da, jılaǵanda jubatıp, quwanǵanda tilekles bolıw jaqsı.
D) Hásseniy, jamannıń gápine erip qılǵan isine qara, hesh bolmasa sen esińdi jıy

**24**. Kórkem súwretlew quralın anıqlań. ***Erte tańda qabaq kóterip shıqqan qızdıń tulımshaǵın jipek samal sıypar edi.***

A) giperbola B) teńew
C) metonimiya D) epitet

**25.** Aytqanda tildiń ortası tańlayǵa qaray sál kóteriletuǵın dawıslı seslerdiń atlıqlasqan kelbetlik sózde kelgenligin durıs anıqlań.

***1) Qorqqanǵa qos kóriner. 2) Jawdı ayasań, ayaǵıńa asıladı. 3) Gúreste batır jeńedi.***
***4) Menmendi quday sıylamas. 5) Ótirikshi heshkimge etpegen opa.***

A) 3,4 B) 1,2
C)4,5 D) 2,3

**26.** Qaysı juwaptaǵı sózde kelbetlik feyil qosımtasınan aldın kelgen únli dawıssız ses aytılıwında fonetikalıq ózgeriske ushıraydı?

A) Kewil xanasında bir jaqtı nur kórinbey únsiz oylanar edi.

B) Jaqsı kúnlerge isengenlikten kóp qayǵıǵa berilmeytuǵın edi.

C) Atamnıń awılına barsaq, balalar menen jasırınbaq oynaymız.

D) Eki kózi sóngen shoq qaldıqlarında, tek ǵana únsiz tigiliwde.

**27.** Baslawıshı almasıqtan, al bayanlawıshı kelbetlik feyil arqalı bildirilgen gápti belgileń.

A) Biz kórgen, biz bilgen kinoaktyor awılımızǵa miymanǵa kelgen edi.

B) Biybi bir retki házilim ushın mennen kóp waqıtlarǵa shekem ókpelep júrgen.

C) Gey birewler baǵdıń ishin japıraqlardan mintazday etip tazalaǵan.

D) Men seniń menen birge teatrǵa bara almayman, sebebi anamnan sorawdı umıtıppan.

**28.** Jalǵaw jalǵanıwı nátiyjesinde túbiri ózgeriske ushıraǵan almasıqtıń tolıqlawısh xızmetinde kelgen gápte awıspalı feyildiń qollanılıǵanın durıs belgileń.

A) Aygúl apa sennen elektron xat jazıp soranıp atır.

B) Bile bilseń onıń ózi qılǵan qılwalarına oǵırı pushayman.

C) Qáleyseń be, saǵan eń jaqsı kórgen qosıǵıńdı aytıp beremen.

D) Aǵamnıń maǵan alıp kelgen sport kiyimleri júdá-júdá unadı.

**29.** Belgilew almasıǵı qatnasqan qaysı gáplerde 1 bette betlengen atlıq sóz qatnasqan? ***1) Hár hápte sawshılar usı káraǵa jıynalıp is jóninde oylasadı. 2) Hesh nárse esitpegendey ketpenimdi alıp shel shawa berdim. 3) Hárkim de óz bildiginshe "sultanman" dese, jumısımız qalıp ketpey me? 4) Hárbir giyanıń kózimen, kóksińdi gúlge bezegen.***

A) 1,4 B) 2,3

C) 3,4 D) 1,2

**30.** Berilgen tapsırmalardı teksttegi tiyisli mısallar menen sáykeslestiriw arqalı orınlań.

| Tapsırmalar | Tekst |
|---|---|
| 1. Qaysı gápte stillik jaqtan nadurıs qollanılǵan almasıq sóz ushırasadı?<br>2. Hár murnında batpan samal bolıw turaqlı sóz dizbeginiń mánisin beriwshi sóz qollanılǵan gápti anıqlań.<br>3. Qaysı gápte feyildiń bolımsız formasında qollanılǵan sóz stillik talapqa sáykes bolımlılıq mánisin bildirip tur? | (a) – Awılda sharwashılıq ferması shólkemlestirilgende,Dawılbay baslıq bolıp saylandı. (b) Qarapayım, aq kókirek, til alǵısh bala edi, keyin ala menmensip, ne boların bilmey ketti. (c) Pútkil xalıq, gúllán hámme "al-ha Dawılbay" degenge ózinen ketti me, bilmeymen.(d) Onı kim tanımaydı, kim bilmeydi, sen de qatırasań-aw?! (e) Haw, óziń qay balasań?(f) – Jurnalistpen aǵa, ol kisi haqqında esittiriw tayarlayın dep júr edim. |

A) 1-a; 2-e; 3-d B)1-e; 2-c; 3-f

C) 1-f; 2-a; 3-b D) 1-c; 2-b; 3-d